



# Sa Ou Bezwèn Konnen: Revizyon Maladi Oswa Enfimite Ou

## Ki sa ki andedan

Konbyen fwa yo pral revize kondisyon medikal mwen?	1
Ki jan yo pral fè m konnen y ap fè yon revizyon?	2
Ki sa ki rive pandan yon revizyon?	2
Kiyès ki pral pran desizyon sou envalidite a?	2
Ki jan yo pral pran desizyon an?	2
E si mwen pa dakò ak desizyon an?	2
Nan ki sikontans yo ka sispann benefis yo?	2
E si mwen eseye travay?	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Si w ap resevwa benefis pou envalidite nan Sekirite Sosyal oswa benefis Revni Sekirite Siplementè (SSI), nou pral egzamine kondisyon medikal ou detanzantan pou nou asire ou kontinye genyen yon andikap ki kalifye.

Jeneralman, si sante w pa t amelyore, oswa si andikap ou a kontinye anpeche w travay, ou pral kontinye resevwa benefis ou yo.

Pwosesis revizyon nou anba w opòtinite pou montre ou toujou gen yon andikap ki kalifye epi pou asire nou pa sispann benefis ou yo yon fason ki pa kòrèk. Nou pral konplètman evalye tout prèv konsènan kondisyon w lan. Si w genyen plis pase yon andikap, nou pral konsidere efè konbine tout pwoblèm ou genyen yo sou kapasite ou genyen pou travay.

Anba a w ap jwenn kèk kesyon moun kon poze souvan konsènan revizyon Sekirite Sosyal fè sou andikap.

## Konbyen fwa yo pral revize kondisyon medikal mwen?

Frekans revizyon yo pral depann de nati ak severite kondisyon medikal ou a epi si wi ou non yo atann pou l amelyore.

- Si yo atann pou gen amelyorasyon, premye revizyon w lan jeneralman pral fèt sou sis a 18 mwa aprè dat ou te vin andikape a;
- Si amelyorasyon posib, men yo paka predi ki lè sa pral fèt, nou pral revize ka w la chak twazan; epi
- Si yo **pa** atann pou gen amelyorasyon, nou pral revize ka w la chak sèt an.

## Ki jan yo pral fè m konnen y ap fè yon revizyon?

Lè nou deside yon revizyon medikal konplè nesesè, nou pral voye yon lèt ba w pou n mande w pou vin nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Ki sa ki rive pandan yon revizyon?

Nan revizyon an, nou pral wè fason kondisyon medikal ou a afekte w epi si gen amelyorasyon. Nou pral mande w pou pote non doktè w yo, adrès yo ak nimewo telefòn yo epi pou pote nimewo dosye pasyan pou nenpòt lopital ak lòt sous medikal ki te ba w tretman depi dènye fwa nou te kontakte w. Si w te travay depi dènye fwa ou te aplike pou benefis envalidite, oswa depi dènye revizyon w lan, nou bezwen tou enfòmasyon konsènan dat ou te travay, pèman ou te resevwa, ak kalite travay ou te fè.

## Kiyès ki pral pran desizyon sou envalidite a?

Nou pral voye ka w la nan Sèvis Detèminasyon Envalidite nan eta kote w abite a. Ajans sa a pran desizyon sou envalidite pou Sekirite Sosyal. Yon egzaminatè envalidite ki gen eksperyans pral fè demann rapò medikal nan men doktè w yo ak lòt kote ou ale pou resevwa tretman. Egzaminatè a ansanm ak yon konsiltan medikal, ki travay ansanm kòm yon ekip, pral egzamine avèk anpil atansyon tout enfòmasyon yo resevwa nan ka w la, epi apresa yo pral pran yon desizyon.

## Ki jan yo pral pran desizyon an?

Nan pifò ka, desizyon an pral baze sou enfòmasyon yo resevwa nan men doktè w, lopital oswa lòt sous medikal. Men, si prèv medikal la pa konplè oswa li pa ajou, nou ka mande w pou al fè yon egzamen espesyal, san w pa gen pou peye senk kòb. Yo pral fè w konnen alekri dat, lè ak kote pou al fè egzamen sa a.

## E si mwen pa dakò ak desizyon an?

Ou ka fè apèl a desizyon an si w pa dakò avèk li. Sa vle di ou ka mande nou pou nou egzamine ka w la ankò pou wè si desizyon nou te pran an te kòrèk. genyen kat nivo apèl epi, jeneralman ou genyen 60 jou pou fè apèl sot nan yon nivo pou al nan lòt la. Kat nivo yo se:

- **Rekonsiderasyon** — Yon gwoup moun ki patisipe nan desizyon orijinal la revize ka w la defason endepandan. Ou ka parèt devan yon ofisyen odyans envalidite ki pral pran desizyon sou apèl ou a.
- **Odyans** — Si w pa dakò ak desizyon rekonsiderasyon an, ou ka mande yon odyans devan yon jij dwa administratif.
- **Konsèy apèl** — Si w pa dakò avèk desizyon jij dwa administratif la, ou ka mande pou konsèy apèl la revize desizyon an.
- **Tribinal federal** — Si w pa dakò avèk desizyon konsèy apèl la, oswa si konsèy apèl la deside pou l pa egzamine ka w la, ou ka pote yon aksyon sivil nan yon tribunal federal.

## Nan ki sikontans yo ka sispann benefis yo?

Jeneralman, yo ta sispann benefis lajan kach yo sèlman si prèv yo montre kondisyon medikal ou a te amelyore epi ou ka retounen travay nòmalman. Depi kondisyon w lan pa amelyore, epi ou paka retounen travay, benefis lajan kach ou a ap kontinye.

## E si mwen eseye travay?

Sekirite Sosyal genyen plizyè règ espesyal ki ka ede si w vle travay.

Si w ap resevwa benefis envalidite nan Sekirite Sosyal, epi ou te rapòte aktivite travay ou, ou ka genyen salè san limit pandan yon peryòd travay esè ki rive jiska nèf mwa (pa nesesèman youn dèyè lòt) epi toujou kontinye resevwa tout benefis ou yo. Lòt règ yo pèmèt benefis lajan kach ak Medicare pou kontinye pandan w ap eseye travay defason regilye.

Si w ap resevwa pèman envalidite SSI, ou ka kontinye resevwa pèman mansyèl pandan w ap travay, toutpandan revni w ak resous ou yo kontinye rete nan sèten limit. Si pèman lajan kach ou yo sispann paske revni total ou depase limit SSI yo, ou ka toujou elijib pou Medicaid.

Nou genyen lòt pwogram ki ka ede w avèk depans travay ou, fòmasyon ak reyadaptasyon. Mande biwo Sekirite Sosyal ou a pou plis enfòmasyon konsènan règ espesyal pou moun ki gen envalidite epi ki vle travay.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;

- Jwenn kopi publikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10068-HC | July 2017

Sa Ou Bezwen Konnen: Revizyon Maladi Oswa Enfimite Ou

What You Need To Know: Reviewing Your Disability (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi publique publikasyon sa a